

Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPozISYON GLOBAL NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2020 AN POU OGMANTE AKSÈ A LOJMAN**

*Pwopozisyon pou Rann li Illegal pou Diskrimine kont Lokatè ki Peye Lwaye yo Gras a Bon pou Chwa Lojman Seksyon 8 yo, Avantaj pou Ansyen Konbatan yo, oswa Lòt Sous Revni Legal ki pa Salè yo*

*L ap Limite Depo Garanti yo pou Redwi Obstak ki Anpeche Moun Jwenn Aksè a Lojman yo*

*L ap Ede Fanmi yo Konstwi Kredi yo epi Fè yo Evalye Nòt Kredi yo nan yon Fason Olistik*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Bidjè Egzekitif ane fiskal 2020 li an pral gen ladan yon pwopozisyon ki gen twa volè pou ogmante aksè a lojman. Pwopozisyon an gen ladan lejislasyon pou entèdi diskriminasyon kont lokatè yo baze sou sous revni yo, l ap limite depo garanti yo pou yon mwa lwaye omaksimòm toupatou atravè Eta a epi anpeche potansyèl pou operatè lojman eta finanse yo refize aksepte lokatè ki gen nòt kredi fèb yo. Sa a se dènye etap nan angajman 20 milya dola san presedan Gouvènè a pran pou l kreye ak prezève lojman abòdab, fè respekte Lwa sou Lojman Ekitab la (Fair Housing Act), epi reponn a kriz sanzabri a toupatou atravè New York.

“Chak Nouyòkè merite yon kote sekirite, nan yon pri abòdab, epi ki pwoteje pou yo rete, men anpil pwopriyetè kay angaje nan pratik diskriminatwa ak abitrè ki kreye obstak initil ki anpeche moun jwenn aksè a lojman”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mezi sa yo pral mete fen a pratik sa yo yon fwa pou tout epi agrandi aksè a lojman abòdab pou kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo.”

“Nou vle asire ke tout Nouyòkè gen aksè a bon jan kalite lojman nan yon pri abòdab”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Pèsòn pa dwe diskrimine kont pèsòn moun akòz de limit revni yo, epi pwopozisyon sa a pral asire ke pwopriyetè kay yo pa otomatikman refize aksepte lokatè yo. Nou ap pran angajman pou nou ede fanmi yo rete epi devlope nan Eta New York, epi pou nou kontinye agrandi opsyon lojman abòdab onivo eta a.”

**Pwoteksyon Sous Revni yo pou Sipòte Lojman Ekitab pou Tout Moun**

Pwopozisyon an ap konbat diskriminasyon kont sous revni yo epi reponn a pwoblèm kote pwopriyetè kay ki ka refize aplikan yo baze sou sous revni legal yo. Nan moman an, gen kèk rejyon eta kote pwoteksyon pou sous revni yo pa egziste onivo lokal. Prezantman, pwopriyetè kay sa yo ap anpeche fwaye ki gen revni ki ba e ki sèvi ak Bon

pou Chwa Lojman Seksyon 8 yo (Section 8 Housing Choice Vouchers), Revni Sekirite Siplemanchè yo (Supplemental Security Income), Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability), Avantaj pou Ansyen Konbatan yo, ak lòt sibvansyon gouvènmantral oswa revni ki pa salè yo, jwenn lojman ki an sekirite nan yon pri abòdab. Kòm konsekans, 650,000 Nouyòkè ki resevwa kèk fòm revni siplemanchè, anpil ladan yo se sivivan vyolans domestik, ansyen konbatan, granmoun aje, ak moun ki andikap, souvan yo pa ka jwenn pwopriyete kay k ap aksepte revni ki pa salè epi fè yo pase plis tan nan refij yo oswa nan lojman medyòk epi konsantre nan zòn ki gen povrete yo.

Pwopozisyon Gouvènè a pral modifiye Lwa sou Dwa Zimen Eta New York la (New York State Human Rights Law) pou entèdi diskriminasyon baze sou sous revni legal onivo eta a, sa k ap asire sous revni yo pa yon obstak otomatik ki anpeche yo jwenn aksè a lojman, lite kont pwoblèm sanzabri a epi ogmante estabilite pou fanmi Nouyòkè yo. Pwopozisyon an ap reyafime angajman New York pran pou yo asire lojman ekitab pou tout moun.

### **Limite Depo Garanti yo pou Redwi Obstak ki Anpeche Moun Jwenn Aksè a Lojman yo**

Li vrèman twò chè pou twòp Nouyòkè lwe yon apatman, epi gwo depo garanti debride, irezonab yo sanksyone fanmi travayè yo ak sila k ap viv salè an salè yo nan fason demezire. Twò souvan, pwopriyete kay yo fè moun peye depo garanti, premye mwa lwaye a, ak dènye mwa lwaye a nan kòmansman akò lwaye a. Pwopozisyon Gouvènè a ap pèmèt pwopriyete kay yo pou yo fè lokatè yo peye sèlman depo garanti a ak premye mwa lwaye a. Pwopozisyon an pral anpeche moun peye depo garanti egzòbitan, sa k ap retire yon obstak konsiderab pou moun k ap eseye jwenn yon kote abòdab pou yo viv.

### **Evalye Nòt Kredi yo nan fason olistik**

Pwopriyete yo refize twòp Nouyòkè ki gen istwa kredi fèb oswa nòt kredi ba yo otomatikman epi anpeche yo jwenn yon kay, lè yo refize aplikasyon yo san yo pa konnen sikonstans aplikan an. Fanmi ki gen revni fèb, imigran, moun nwa ak lòt koulè yo, ak sivivan vyolans domestik yo sibi efè yo nan fason demezire epi yo souvan otomatikman refize ba yo kontra lwaye baze sèlman sou istwa kredi yo.

Pou asire ke tout Nouyòkè jwenn aksè a yon twati sou tèt yo, pwopozisyon Gouvènè a ap anpeche operatè lojman eta finansè yo otomatikman refize aplikan ki gen istwa kredi fèb yo epi egzije pou yo evalye aplikan yo nan fason olistik pou detèmine sikonstans ak kapasite yo pou yo peye. Avèk letan, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) pral travay ak devlopè lojman lokatif Eta finansè yo pou ofri lokatè yo opsyon pou yo rapòte pèman lwaye yo bay biwo evalyasyon kredi yo san l pa koute yo anyen, sa ki pral pèmèt lokatè yo konstwi istwa kredi yo.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo nan Eta New York, te deklare,** “Lè nou entèdi diskriminasyon sous revni yo, limite depo garanti yo, epi anpeche move istwa kredi bloke pakou yon moun anvè yon kay sekirite, ki nan yon pri abòdab, sa pral kreye yon mache lojman ki pi jis, ak pi ekitab nan Eta New York. Mwen rekonesan paske Gouvènè Cuomo kontinye jwenn fason pou l elimine

obstak k ap anpeche moun jwenn aksè a lojman pou tout Nouyòkè yo gen opòtinite pou yo patisipe nan ekonomi kwasan nou an.”

**Kristen L. Rouse, yon Ansyen Konbatan Lame Amerikèn, Direktris Fondatè pou Alyans Ansyen Konbatan Vil New York la (NYC Veterans Allianc), te deklare,** “Nan Vil New York, nou te tandè twòp istwa ke ansyen konbatan ak manm fanmi yo rakonte sou pwopriyetè kay yo ki pa vle aksepte--oswa ki pa konprann--validite revni ansyen konbatan yo resevwa pou avantaj edikasyonèl yo, konpansasyon pou andikap, pansyon, asistans pou lojman, oswa lòt avantaj yo te genyen oswa yo te resevwa baze sou sèvis yo te bay nasyon nou an. Nou te travay pou nou reponn a lwa sa a nan Vil New York, men lit la lwen fini. Pwopozisyon vital sa a y ap ajoute sou lwa New York la pral pote responsablite yo byen bezwen pou nenpòt pwopriyetè kay ki te refize ansyen konbatan ak fanmi yo jwenn yon kay akòz de sous revni yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li te bay nan pwoblèm enpòtan sa a”.

**DeAnna Eason, Direktris Egzektitiv, Housing Opportunities Made Equal, Inc., te deklare,** “Nou vrèman apresye efò Gouvènè Cuomo ap fè pou l redwi disparite sosyo-ekonomik ki ap ralanti kwasans kominote nou yo. Pwopozisyon sa a demontre angajman Gouvènè a pran anvè moun Eta New York la yo, lojman abòdab epi fè respekte lwa sou lojman ekitab la plis pase yon nosyon, se yon priyorite”.

**Edward Josephson, Direktè Litij, Legal Services NYC (Sèvis Legal Vil New York) la, te deklare,** “Diskriminasyon sous revni ak depistaj kredi inapwopriye yo deposede anpil milye Nouyòkè travayè aksè a lojman abòdab yo dezespereman bezwen. Legal Services NYC aplodi efò Gouvènè a ap fè pou l elimine obstak ki anpeche moun jwenn aksè a lojman toupatou atravè Eta New York”.

**Fred Freiberg, Direktè Egzekitif, Sant Jistis Lojman Ekitab la (Fair Housing Justice Center), te deklare,** “Nou fèmman sipòte inisyativ pwojè lwa Gouvènè Cuomo a ki pral inifòmman entèdi diskriminasyon akòz sous revni, limite kantite lajan pou depo garanti ke pwopriyetè kay yo gendwa egzije pou moun peye, epi ofri yon opòtinite pou lokatè ki gen istwa kredi fèb yo pou yo jwenn aksè a lojman eta finansè. Tout inisyativ lojman ekitab sa yo pral ede retire obstak ki aktyèlman anpeche kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab ak defavorize yo jwenn aksè a lojman”.

**Judi Kende, ki se vis prezidan ak lidè mache New York, Enterprise Community Partners te deklare,** “Enterprise kontan anpil paske Gouvènè Cuomo ap trase chemen nan zafè pwoteksyon sous revni yo nan New York, epi nou menm, ansanm ak kanpay pou Entèdi Prejije sou baz Revni New York an (Ban Income Bias NY), gras a lidèchip li. Diskriminasyon sous revni an se yon pwoblèm enpòtan toupatou atravè eta a ki anpeche fanmi ki gen revni fèb, ansyen konbatan yo, moun ki gen andikap yo, granmoun aje yo, ak anpil lòt moun, jwenn aksè a lojman yo gen mwayen pou yo peye. Lè nou chanje lwa sou dwa zimen eta a se yon eleman esansyèl nan lit pou nou rann diskriminasyon lojman ilegal nan New York pou nou ka asire ke moun yo ka jwenn aksè a kominote yo chwazi ke yo gen mwayen pou yo peye”.

**Marlene Zarfes, Direktris Egzektitiv, Westchester Residential Opportunities, Inc., te deklare,** “Westchester Residential Opportunities, Inc. resevwa plis plent konsènan diskriminasyon kont moun ki resevwa bon lojman Seksyon 8 yo pase tout lòt klas

pwoteje yo. Diskriminasyon sa a limite disponiblite lojman pou moun ki gen revni fèb oswa moun andikape yo nan fason konsiderab. Byenke Westchester te adopte lejislasyon sou sous revni yo ki gen ladan pwoteksyon pou moun ki resevwa bon lojman yo, lwa limite depandaman de gwosè bilding lan epi li pa aplikab pou lojman kowoperatif oswa kondo yo. Nou vrèman bezwen pwomilge lejislasyon onivo eta a san limit konsiderab sa yo pou pèmèt moun ki resevwa bon lojman Seksyon 8 yo konplètman jwenn avantaj asistans Seksyon 8 la yo. Nou konplètman sipòte mwayen pou ofri pwoteksyon sa yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)